



Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE, BASE SOU TO ENFEKSYON NAN CHAK REJYON, YO PÈMÈT LEKÒL OUVRI NAN NEW YORK PANDAN SEZON OTÒTN SA
A

To enfeksyon nan chak rejyon dwe anba limit ki nesèsè dapre nòm eta a pou tout lekòl yo re-ouvri dapre enstriksyon strik Depatman Sante yo

Re-ouvri an pèsòn ou pasyèlman dwe detèmine lokalman pa chak distri lekòl endividyèl

Depatman Sante a pral revize plan re-ouvèti yo soumèt yo ki soti nan distri lekòl yo epi notifiye distri yo sou sitiyasyon pa yo lendi

Distri lekòl yo dwe gen ant twa a senk reyinyon piblik ak paran yo anvan 21 out

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke baze sou to enfeksyon chak rejyon, yo pèmèt lekòl yo ki nan eta ouvri otòn sa a. To enfeksyon nan chak rejyon dwe anba limit ki nesèsè dapre nòm Eta a pou lekòl yo ouvri. Depatman Sante (Department of Health, DOH) a pral revize plan re-ouvèti yo soumèt yo ki soti nan distri lekòl yo epi notifiye distri yo sou sitiyasyon pa yo lendi. Sou 749 distri lekòl atravè eta a, gen 127 ki pa ko soumèt plan yo bay Depatman Sante, epi gen 50 lòt ki enkonplè oswa ensifizan. Detèminasyon sou fason distrik endividyèl yo re-ouvri - yon modèl an pèsòn kont yon modèl ibrid - pral fèt pa distri lekòl lokal yo anba enstriksyon strik Depatman Sante yo. Enstriksyon Depatman Sante a disponib [isit la](#).

Gouvènè a te anonse tou ke distri lekòl yo dwe afiche plan ansèyman adistans pa yo sou entènèt ansanm ak plan yo pou fè tès ak trasaj elèv ak pwofesè yo. Lekòl yo dwe gen tou twa a senk reyinyon piblik anvan 21 out ak paran yo - ki pral pèmèt yo patisipe adistans - ansanm ak yon reyinyon ak pwofesè yo pou pase nan plan re-ouvèti a.

"Baze sou to enfeksyon nou an, Eta New York nan pi bon sitiyasyon posib la kounye a. Si nenpòt moun ka ouvri lekòl, konnen nou ka ouvri lekòl. Nou fè mask, nou fè distans sosyal, nou deja menti to enfeksyon ba, epi nou ka pote menm nivo nan entelijans lan nan re-ouvèti lekòl la ke nou te mennen nan re-ouvèti ekonomik la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Yo prezante enstriksyon lekòl nou an kòm enstriksyon ki entelijan nan peyi a. Enstriksyon re-ouvèti ekonomik nou an te pi entelijan nan peyi a. ki donk, si nenpòt moun ka fè li, nou ka fè li. Men nou reyisi paske nou entelijan e nou dwe kontinye rete entelijan. Paran yo ak pwofesè yo dwe santi yo san danje ak an sekirite nan plan distri

chak lekòl pou yo retounen lekòl, e plan sa yo dwe respekte enstriksyon Depatman Sante a. Pou asire ke se ka a, fanmi New York la dwe byen enfòme epi fè pati konvèsasyon an. Epi, kidonk, nan semèn k'ap vini yo, distri lekòl yo dwe angaje yo: Pale ak paran yo ak pwofesè yo epi fè tout moun moute abò."

Sou 70,170 tès pozitif yo te rapòte nan Eta New York yè yo, 714, oswa 1.0 pousan, te pozitif. Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	MADI	MÈKREDI	JEDI
Capital Region	0.9%	0.8%	0.7%
Central New York	0.5%	0.6%	0.8%
Finger Lakes	0.5%	0.7%	0.8%
Long Island	1.2%	1.0%	0.9%
Mid-Hudson	0.8%	1.0%	0.7%
Mohawk Valley	1.0%	1.5%	0.9%
New York City	1.0%	1.1%	1.1%
North Country	0.2%	0.4%	0.2%
Southern Tier	0.5%	0.5%	1.2%
Western New York	0.5%	0.9%	1.7%

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)